

<b>ice age</b>	<b>laj glas</b>	Peryòd pwolonje kouvèti glasye, sa ki pwodui chanjman alontèm nan klima a.
<b>igneous rock</b>	<b>wòch igne</b>	Wòch entrizif ak esrtrizif ki fòme nan refwadisman ak kristalizasyon magma; li ka klase an fèlsik, mafik, entèmdyè ak iltramafik, selon konpozisyon mineral li.
<b>image</b>	<b>imaj</b>	Se konbinezon pwen imaj nan yon miwa plat kote objè ki reflete a sanble sòti la.
<b>immigration</b>	<b>imigrasyon</b>	mouvman moun nan yon popilasyon.
<b>immiscible</b>	<b>imisib</b>	Dekri de (2) likid ki ka melanje men k ap separe yon ti tan apre w sispann melanje yo.
<b>imprinting</b>	<b>anprent</b>	konpòtman ki devlope ak eksperyans kote yon zannimo, nan yon moman enpòtan nan lavi li, fòme yon atachman sosyal ak yon lòt objè; anjeneral, sa fèt nan kòmansman lavi li epi sa pèmèt zannimo a rekonèt manman li ak lòt zannimo ki nan menm espès ak li.
<b>impulse</b>	<b>enpilsyon</b>	Se rezilta mwayèn fòs nè sou yon objè ak entèval tan ki nesèsè pou fòs la aji.
<b>incubate</b>	<b>kouve</b>	pwosesis pou kite ze yo kouche deyò kò cho; sa konsène tou wotasyon peryodik ze yo pou asire devlopman ki konvnan.
<b>independent variable</b>	<b>varyab endepandan</b>	Faktè eksperimantatè a manipile nan yon eksperyans.
<b>index fossils</b>	<b>endis fosil</b>	Rès plant oswa zannimo ki te an gran kantite, ki te repati anpil kote, epi ki te egziste pandan yon ti tan; jeyològ yo ka itilize yo pou detèmine rapò ant kouch wòch yo oswa pou detèmine dat yo.
<b>inelastic collision</b>	<b>kolizyon inelas</b>	Se yon kalite kolizyon kote enèji sinetik la, apre kolizyon an, vin pi piti pase enèji sinetik ki te la anvan kolizyon an.
<b>inertia</b>	<b>inèsi</b>	Tandans yon objè genyen pou li reziste kont chanjman.
<b>inertial mass</b>	<b>mas inèsi</b>	Yon mezi rezistans yon objè pou nenpòt kalite fòs.
<b>infectious disease</b>	<b>maladi kontajye</b>	nenpòt maladi patojèn nan kò a lakòz.
<b>infiltration</b>	<b>enfiltrasyon</b>	Pwosesis kote presipitasyon ki tonbe sou sifas tè a antre nan tè a pou tounen nap freyatik.
<b>inhibitor</b>	<b>inibitè</b>	Se yon sibstans ki ralanti vitès yon reyaksyon chimik oswa ki anpeche yon reyaksyon fèt.
<b>innate behavior</b>	<b>konpòtman natirèl</b>	yon konpòtman zannimo yo eritye; li gen ladan repons otomatik ak konpòtman envolontè.

<b>inner transition metal</b>	<b>metal tranzisyon entèn</b>	Yon kalite eleman gwoup B ki nan blòk f tablo klasifikasyon peryodik epi ki fòm avèk yon òbital ki plen ak s, epi ak òbital ki plen nèt oswa ki plen an pati avèk òbital 4f ak 5f.
<b>insight</b>	<b>entuisyon</b>	kalite aprantisaj ki pèmèt yon zannimo itilize eksperyans li te fè anvan pou degaje li nan yon nouvo sitiyasyon.
<b>insoluble</b>	<b>ensolib</b>	Dekri yon sibstans ki pa disoud (fonn) nan yon sòlvan.
<b>instinct</b>	<b>ensten</b>	modèl konpòtman natirèl konplèks ki kòmanse lè yon zannimo rekonèt yon estimilasyon epi li kontinye jouk li fin fè tout pati konpòtman an.
<b>insulator</b>	<b>izolan</b>	Se yon sibstans, tankou vè, kote yon chaj p ap pase avèk fasilite.
<b>interference</b>	<b>entèferans</b>	Rezilta ki sòti nan sipèpozisyon de (2) oswa plizyè onn; li ka konstriktif (onn yo deplase nan menm direksyon) oswa destriktif (onn yo gen anplitid egal men anplitid yo opoze).
<b>interferons</b>	<b>entèfewon</b>	pwoteyin selil ot espesifik ki pwoteje selil yo kont viris yo.
<b>intermediate</b>	<b>entèmedyè</b>	Se yon sibstans ki pwodui nan yon etap elemantè yon reyaksyon konplèks epi ki detwi nan yon etap elemantè ki vini annapre.
<b>International Date Line</b>	<b>Liy Entènasyonal Chanjman Dat</b>	Se Meridyen 180° (180 degre) ki sèvi kòm liy tranzisyon pou jou kalandè yo.
<b>interphase</b>	<b>entèfaz</b>	etap kwasans selil kote yon selil ogmante nan gwosè, kontinye metabolis la epi double kwomozòm yo anvan divizyon.
<b>intertidal zone</b>	<b>zòn entètidal</b>	pati kòt la ki ant liy wot mare ak liy mare ba yo.
<b>intrusive</b>	<b>entrizif</b>	Wòch igne gwo grenn ki fòm lè wòch fonn yo refwadi lantman epi yo vin solid andedan kwout tè a.
<b>invertebrate</b>	<b>envètebre</b>	zannimo ki pa gen kolòn vètebral.
<b>involuntary muscle</b>	<b>misk envolontè</b>	misk kote kontraksyon yo pa anba kontwòl konsyan.
<b>ion</b>	<b>iyon</b>	se yon atòm oswa yon gwoup atòm asosye ki gen yon chaj pozitif oswa chaj negatif.
<b>ionization energy</b>	<b>enèji iyonizasyon</b>	Enèji ki nesèsè pou retire yon elektwon nan yon atòm gaze.
<b>ionizing radiation</b>	<b>radyasyon iyonik</b>	Radasyon ki gen kantite enèji ki nesèsè pou iyonize matyè li fè kolizyon an.
<b>isolated system</b>	<b>sistèm izole</b>	Yon sistèm fèmèn kote fòs ekstèn nè a se

		zewo.
<b>isomers</b>	<b>izomè</b>	De (2) oswa plizyè konpoze ki gen menm fòmil molekilè men ki gen estrikti molekilè diferan.
<b>isotonic solution</b>	<b>solisyon izotonik</b>	se solisyon kote konsantrasyon an sibstans ki fonn nan solisyon an se menm ak konsantrasyon sibstans ki fonn andedan yon selil.
<b>isotopes</b>	<b>izotòp</b>	Se atòm menm eleman ki gen nonm mas diferan ak menm pwopriyete chimik.